**Belgilengen wazıypalardı orınlaw boyınsha 2026-jıldıń I-shereginde ámelge asırılǵan jumıslar**

Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Keńesiniń keńeytilgen májilisin basqarma baslıǵı T.Ǵaniev ashıp berdi hám májilis kún tártibindegi gezektegi másele talqılawǵa ótiletuǵınlıǵı atap ótildi.

Kún tártibine muwapıq, Ózbekstan Respublikası Milliy statistika komitetiniń 2026-jıl 1-mayda bolıp ótken 2-sanlı keńeytilgen Kollegiya májilisiniń bayanlamasında berilgen tapsırmalar boyınsha hár tárepleme toqtap ótildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2026-jıl 16-fevraldaǵı "Mámleketti rawajlandırıwdıń 2030-jılǵa shekem mólsherlengen tiykarǵı baǵdarları sheńberinde reformalardı izbe-iz dawam ettiriw hám jańa basqıshqa alıp shıǵıwdıń qosımsha ilajları haqqında"ǵı PP-21-sanlı hám "Máhállelerdi rawajlandırıw hám jámiyetti joqarılatıw jolında tiykarǵı baǵdarlar boyınsha reformalar baǵdarlamaları hám "Ózbekstan - 2030" strategiyasın ámelge asırıw boyınsha mámleketlik baǵdarlama haqqında"ǵı PP-22-sanlı Pármanlarınıń orınlanıwın támiyinlew komitet kollegiyası tárepinen ayrıqsha atap ótilgenligi aytıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2025-jıl 25-iyuldegi "Mámleketlik uyımlar hám shólkemlerde orınlaw tártibin bunnan bılay da bekkemlewdiń qosımsha ilajları haqqında"ǵı PP-117-sanlı Pármanı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 31-maydaǵı "Orınlaw tártibi uyımlararalıq birden-bir elektron sisteması "Ijro.gov.uz"dıń nátiyjeli jumıs alıp barıwın támiyinlewge qaratılǵan qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PP-5132-sanlı qararında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın támiyinlew, orınlaw tártibin bekkemlew boyınsha ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi;

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2026-jıl 28-apreldegi "Xalıq penen pikirlesiw sistemasın nátiyjeli shólkemlestiriw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PP-51-sanlı Pármanınıń orınlanıwı.

Sonıń ishinde, ekonomika tarmaqları hám aymaqlardıń mámleketti rawajlandırıwdaǵı úlesin sıpatlawshı statistikalıq materiallardı tereń kompleksli tallaw ushın milliy statistika uyımlarınıń roli hám juwapkershiligin arttırıw hám statistika tarawındaǵı reformalardı jańa basqıshqa alıp shıǵıw, sistemada transformaciya processlerin ámelge asırıw boyınsha Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2025-jıl 24-fevraldaǵı "Statistika jumısların shólkemlestiriw hám júrgiziw sistemasın jańa basqıshqa alıp shıǵıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PP-27-sanlı Pármanı hám "Ózbekstan Respublikası Milliy statistika

komiteti jumısın shólkemlestiriw ilajları haqqında"ǵı PQ-75-sanlı qararınıń orınlanıwı boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar, erisilgen nátiyjeler dodalandı.

Statistika baǵdarlaması sheńberinde basqarma hám rayon (qala) statistika bólimleri tárepinen 2026-jıl yanvar-mart aylarında ámelge asırılǵan jumıslar, sońında islep shıǵılǵan analitikalıq-statistikalıq maǵlıwmatlar keltirip ótildi.

Sonıń ishinde, 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń jalpı aymaqlıq óniminiń kólemi 12 495,8 mlrd. sumdı quradı hám 2025-jılǵa salıstırǵanda 12,9 procentke ósti.

Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında 7 580,9 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, sanaat óndirisiniń fizikalıq kólemi indeksi 107,4 procentti quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kólemi 2 008,1 mlrd. sumdı qurap, 2025-jılǵa salıstırǵanda ósiw páti 102,4 procentke jetti.
2026-jıldıń yanvar-mart aylarında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar kóleminde 2025-jılǵa salıstırǵanda 123,8 procentti quradı.

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi 9 313,2 mlrd. sumdı, 2025-jılǵa salıstırǵanda ósiw páti 116,6 procentti quradı.

Usaqlap satıw tovar aylanısı 4 660,1 mlrd. sumdı qurap, 2025-jılǵa salıstırǵanda 135,1 procentke jetti, sonday-aq, respublikanıń sırtqı sawda aylanısı 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında 201,1 mln. AQSh dolların, sonıń ishinde eksport 94,7 mln. AQSh dolların hám import 106,3 mln. AQSh dolların quradı.

Májiliste, Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám bólimlerinde 2026-jıl 1-sherek dawamında ámelge asırılǵan jumıslar hám keleshekte statistika jumısın shólkemlestiriw boyınsha sistema aldına belgilep berilgen wazıypalardıń orınlanıw jaǵdayı, esabat hám orınlaw tártibin bekkemlew baǵdarında ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi dodalandı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 27-iyundaǵı "Ǵalaba xabar qurallarınıń ǵárezsizligin támiyinlew hám mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń jumısın rawajlandırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PQ-4366-sanlı qararı talapları tiykarında ǵalaba xabar quralların da statistika jumısına baylanıslı 32 televidenie, 19 radio, 12 gazeta jáne basqarmanıń veb-saytı hám sociallıq tarmaqlarda 381 statistikalıq kórsetkishler járiyalandı.

Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám rayon (qala) lıq statistika bólimleri tárepinen, tarawǵa baylanıslı nızamshılıq hám

normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń talapların isbilermenlik subektlerine jetkeriw boyınsha turaqlı túrde profilaktikalıq jumıslar alıp barılmaqta.
Atap aytqanda, 2026-jıldıń yanvar-mart ayları dawamında 1176 respondentlerge túsindiriw jumısları alıp barılǵan.

Bunnan tısqarı, respondentler hám statistika uyımları arasında ámeldegi nızamshılıqta belgilengen qatnasıqlardı jáne de kúsheytiw arqalı nátiyjeli birge islesiwdi ornatıw, kelip túsken soraw, usınıs hám mashqalalardı úyreniw, bar mashqalalardı jedellik penen saplastırıw hám keleshekte aldın alıw maqsetinde, aymaqlıq statistika uyımları tárepinen, sociallıq tarmaqlar arqalı respondentler ushın túsindiriwler shólkemlestiriledi. Usı maqsetler ushın sociallıq tarmaqlar, atap aytqanda, "Telegram" tarmaǵında basqarmada 1, hár bir rayon (qala) statistika bólimleri tárepinen 17 turaqlı jumıs alıp baratuǵın arnawlı toparlar shólkemlestirilip, olarǵa jámi 3 938 respondent tartıldı.

Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám onıń tómengi sisteması tárepinen profilaktika jumısların jáne de keńeytiw maqsetinde respondentlerge olardıń huqıq hám minnetlemeleri, statistika tarawına baylanıslı nızamshılıq hám normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń talapların túsindiriw boyınsha jergilikli ǵalaba xabar quralları (televidenie, radio, gazeta hám jurnallar) arqalı 54 shıǵıwlar shólkemlestirildi.

Basqarma tárepinen PQ-2881-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde hár aydıń juma kúnleri orınlaw hújjeteriniń jaǵdayı boyınsha 3 protokol rásmiylestirilgen. Májilis juwmaǵı menen tastıyıqlanıp atırǵan protokolları Komitet tárepinen berilgen úlgi tiykarında qáliplestirilmekte. Qadaǵalaw hújjetleri protokollarda kórsetilip, orınlaw jaǵdayı turaqlı qadaǵalawǵa alınǵan.

2026-jıldıń I shereginde Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması oraylıq apparatına jámi 417 hújjet kelip túsken. Sonnan, 270 i joqarı turıwshı shólkemlerden, 147 i ministrlikler hám uyımlardan jáne 20 sı XDFU hújjetleri kelip túsken. Bul korrespondenciyalar "edo.ijro.uz" baǵdarlamasına kirgizilgen, orınlanıwı kúnlik qadaǵalawǵa alınǵan bolıp, basqarmanıń 35 buyrıǵı islep shıǵıldı hám orınlawǵa qaratıldı.

Milliy statistika komitetine 2026-jıldıń I shereginde fizikalıq hám yuridikalıq táreplerden kelip túsken múrájatlardıń jámi sanı 31 di qurap, olardıń 7 (22,6%) i fizikalıq tárepler, 24 (77,4%) i yuridikalıq táreplerdiń úlesine tuwra keldi.

Sonnan, 18 múrájat kóshpeli qabıllawdan awızeki múrájat, 13 i tikkeley kelip túsken múrájatlardan ibarat.

Májilis sońında statistikalıq jumıstı shólkemlestiriw, rayon (qala) statistika bólimleri jumısınıń nátiyjeliligin arttırıwǵa baylanıslı máseleler dodalanıp, bul baǵdarda ámelge asırılıwı tiyis wazıypalar belgilep berildi.